

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

8YÈM ANE

NIVO ENTÈMEDYÈ

SYANS SOSYAL

LIVRÈ 1

REPONS KI OBJEKTIF AK KONSTWI

1-2 JEN, 2005

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non ou ak non lekòl ou nan liy pi wo a.

Tès la gen twa pati. Pati I ak II nan livrè sa a; Pati III nan livrè nimewo 2 a.

Pati I genyen 45 kesyon ak chwa miltip. Mete repons kesyon ou yo nan fèy repons lan. Itilize yon kreyon nimewo 2 sèlman sou fèy repons lan. Itilize yon kreyon nimewo 2 sèlman sou fèy repons lan.

Pati II konpoze ak plizyè kesyon ki mande repons kout. Ekri repons Pati II ou yo nan livrè tès sa a.

W'ap genyen inèdtan edmi (1.5) pou reponn **tout** kesyon nan Livrè 1.

PA VIRE PAJ SA TOUTOTAN YO PA DI OU SA.

Copyright 2005
THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK
THE STATE EDUCATION DEPARTMENT
ALBANY, NEW YORK 12234

Pati I

DIREKSYON

Genyen 45 kesyon nan Pati I tès la. Chak kesyon gen kat chwa repons, ki nimewote 1-4. Li chak kesyon ak atansyon. Deside ki chwa ki gen repons kòrèk la. Sou fèy repons lan, pou ou ka make repons kòrèk la, ranpli ti sèk ki gen menm nimewo ak repons ou chwazi a sou liy ti sèk ki genyen pou chak kesyon yo. Itilize yon kreyon pou make fèy repons lan.

Li egzant kesyon pi ba a.

Egzant Kesyon

Ki vil ki se kapital Etazini?

- (1) Boston
- (2) Wachintonn, D.C
- (3) Vil Nouyòk
- (4) Filadèlfi

Repons kòrèk la se **Wachintonn, D.C.**, ki se chwa nimewo **2**. Sou fèy repons lan, gade bwat ki montre liy ki gen ti sèk repons yo pou kesyon egzant lan. Kòm chwa nimewo **2** a se repons kòrèk pou kesyon egzant lan, ti sèk nimewo **2** a ranpli.

Reponn tout kesyon nan Pati I yo menm jan an. Ranpli yon ti sèk sèlman pou chak kesyon. Si ou vle chanje yon repons, fòk ou si ou efase li konplètman. Ou gendwa pa konnen repons pou tout kesyon yo, men fè tout efò ou kapab ak chak kesyon.

Lè ou fini pati I, ale touswit nan Pati II.

Pati I


Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Direksyon (1–45): Pou chak deklarasyon osnon kesyon, ekri *nimewo* mo ou byen ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an ou byen reponn kesyon an sou fèy repons lan.

- 1 Mòn, kolin, plenn, ak plato se egzanp
- (1) fòm tè
 - (2) vejetasyon
 - (3) resous mineral
 - (4) baryè politik

Baze repons kesyon 2 ou an sou dyagram pi ba a ak sou konesans syans sosyal ou.


Konparezon Kilti Aztek ak Maya



- 2 Dapre dyagram sa a, ki sa ki te yon karakteristik toude sivilizasyon Maya ak Aztek yo?
- (1) kreyasyon jaden kap flote
 - (2) itilizasyon nimewo zewo
 - (3) amelyorasyon metòd pèch
 - (4) kreyasyon yon system ekriti
-
- 3 Ki sa ki te yon konsekans Echanj Kolonbyen an (Rankont)?
- (1) Popilasyon Endyen Natifnatal Ameriken yo te kontinye ogmante.
 - (2) Komès esklavaj Afriken an te fini.
 - (3) Maladi tap kontamine popilasyon natif yo.
 - (4) Anpi Espay nan Nouvo Monn lan te vin pi piti.

- 4 Anpil diferan kilti natif devlope nan Amerik di Nò paske
- (1) Endyen Natifnatal Ameriken yo te sèvi anpil idòl
 - (2) gwoup Endyen Natifnatal Ameriken pat fè komès antre yo
 - (3) lachas pou jwenn manje te yon aktivite enpòtan
 - (4) anpil kondisyon anviwònman te egziste nan rejyon sa a
- 5 Kreyasyon Chanm Reprezantan lan Vijini la te yon etap enpòtan nan devlopman demokrasi nan Amerik kolonyal paske li te
- (1) adopte yon Deklarasyon Dwa Moun pou fanm
 - (2) bay sitwayen dwa pou vote dirèkteman sou lwa yo pwopoze
 - (3) bay premye konstitisyon ki te ekri
 - (4) etabli yon fòm gouvènman reprezantatif
- 6 Ki gwoup ki te kontwole koloni Gouvènè Peter Stuyvesant te bay Angletè a nan lane 1664?
- (1) Franse
 - (2) Olandè
 - (3) Panyòl
 - (4) Syedwa
- 7 Rezon prensipal ke pi plis nan kolon yo te vin nan koloni Marilann, Masachusèt, Pansilvani, ak Rod Aylenn se te pou
- (1) jwenn libète relijyon
 - (2) achte tè ki pa chè
 - (3) fè benefis nan komès fouri
 - (4) jwenn pi bon travay

Baze repons kesyon 8 ak 9 ou yo sou tablo pi ba a e sou konesans syans sosyal ou genyen.



8 Ki konklizyon ki pi sipòte tablo a?

- (1) Lwa sou Tenm lan fè kontrebann vin pwopaje pi plis.
- (2) Kolon ogmante revni paske yo mete nouvo taks.
- (3) Anpil kolon te opoze ak règ britanik yo.
- (4) Kolon yo reaji a lwa Anglè yo san vyolans.

9 Seri evènman nan tablo a mennen dirèkteman a

- (1) kòmansman lagè ant Fransè ak Endyen yo
- (2) deklanchman Revolisyon Ameriken an
- (3) fòmasyon yon alyans kolonyal ak Lapris
- (4) rejè Plan Inyon Albani an

10 Ki deklarasyon ki reprezante youn nan ide prensipal nan Deklarasyon Endepandans lan?

- (1) Etazini bezwen yon gouvènman santral ki fò.
- (2) Fòk branch lejislatif ak jidisyè yo limite pouvwa prezidan an.
- (3) Yon pèp gen dwa revòlte kont yon gouvènman enjis.
- (4) Ameriken pa ka peye taks Anglè ki twò wo yo.

11 Pandan Lagè Revolisyonè a, yon jan pi fò fanm ameriken te ede kòz patriyòt la se te

- (1) yo aji tankou espyon
- (2) yo sèvi nan lame militè
- (3) yo fè jesyon fèm yo
- (4) yo mennen pitit yo Kanada

12 Yo te konsidere Konstitisyon Etazini an yon amelyorasyon sou Atik Konfederasyon yo paske Konstitisyon an te chanje

- (1) estati esklavaj
- (2) Dwa sivil minorite yo
- (3) nonm Ameriken ki ka vote
- (4) balans pouvwa ant gouvènman nasyonal ak gouvènman eta yo

13 Ki aranjman yo te fè nan Konstitisyon Etazini an pou pèmèt li adapte lè tan yo chanje?

- (1) separasyon pouvwa
- (2) kolèj elektoral
- (3) sistèm federal
- (4) pwosesis amannman

14 Moun ki ekri Konstitisyon Etazini yo te mete yon sistèm pouvwa ekilibre ladann pou yo te

- (1) pa kite okenn branch nan gouvènman an kontwole lòt branch yo
- (2) pwoteje eta yo kont pouvwa gouvènman nasyonal la
- (3) garanti respè libète yo ki nan Deklarasyon Dwa Moun nan
- (4) pwoteje Etazini kont atak etranjè

15 Ki acha tè ki ajoute pi plis nan teritwa Etazini an?

- (1) aneksyon Tekzas
- (2) acha Florid
- (3) trete pou Oregonn
- (4) Acha Lwizyàn

16 Anvan 1820, pi fò faktori ak moulen nan Etazini te mache ak

- (1) lwil
- (2) dlo
- (3) elektrisite
- (4) chabon

17 Ki dirijan abolisyonis ki te yon “kondiktè” nan Rezo klandesten esklav mawon o Zetazini?

- (1) John Brown
- (2) William Lloyd Garrison
- (3) Harriet Beecher Stowe
- (4) Harriet Tubman

18 Ki evènman ki te mennen dirèkteman a separasyon eta nan Sid yo de Inyon an nan ane 1860 ak 1861?

- (1) eleksyon Abraham Lincoln kòm prezidan
- (2) pasaj Ak Kansas-Nebraska a
- (3) adopsyon yon nouvo lwa pou esklav mawon
- (4) desizyon Kou Siprèm nan sou ka *Dred Scott v. Sanford* la


19 Pandan Lè Rekonstriksyon an, yon rezon pou fòmasyon Ku Klux Klan la se te

- (1) pou pa kite moun ki te konn esklav itilize dwa yo
- (2) ankouraje imigrasyon kap sot Ewòp de lès ak Ewòp di sid
- (3) sipòte Sid Etazini pandan Gè Sivil la
- (4) elimine sistèm travay tè nan eta nan Sid yo

20 Ki devlopman ki Mennen a lòt twa yo?

- (1) Lame Etazini yo batay ak Endyen Natifnatal Ameriken yo.
- (2) Popilasyon bizon an te vin desann anpil.
- (3) Milye kolon emigre al sou bò lwès Rivyè Misisipi a.
- (4) Yo te fòse Endyen Natif Natal Ameriken yo al viv nan rezèv.

Baze repons kesyon 21 an sou ilustrasyon pi ba a e sou konesans syans sosyal ou genyen.



Sous: *Ansiklopedi Amerikèn* (adapte)

21 Ki konklizyon ki pi sipòte enfòmasyon ki sou ilustrasyon a?

- (1) Nò ak Sid te gen pousantaj egal nan popilasyon ki tap travay pou chemennfè yo
- (2) Nò te gen mwens izin pase Sid.
- (3) Pi fò nan chemennfè nasyon an te pase nan Sid lan.
- (4) Nò te gen yon pi gran avantaj nan pwodiksyon indistriyèl lè li te konpare ak Sid.

22 An 1892, gouvènman Etazini an ouvri Zile Elis la pou

- (1) anrejistre imigran kap vini sot lòt bò lanmè
- (2) defann Eta Nou Yòk kont atak
- (3) verifiye sekirite pwodi enpòte yo
- (4) sèvi kòm premye prizon federal nan Eta Nou Yòk

23 Ki sa ki te yon rezilta ekonomik rapid lan itilizasyon teknik pwodiksyon anmas nan faktori Ameriken yo?

- (1) ogmantasyon itilizasyon byen moun fè lakay yo
- (2) pri byen yo diminye
- (3) kondisyon sekirite yo vin pi bon
- (4) ajoute plis manb nan sendika yo

24 Ekriven Lè Pwogresif yo tankou Upton Sinclair ak Ida Tarbell te gen non jounalis endepandan paske yo te

- (1) ekspeze koripsyon nan biznis ak gouvènman
- (2) baze sa yo te ekri sou opinyon ki pat pwouve
- (3) patizan machin politik
- (4) sipòte chanjman nan metòd agrikilti yo

25 Ki evènman ki te mennen pasaj lwa ki te kreye kondisyon travay ki pi sekiritè?

- (1) Deblozay lan Haymarkèt la
- (2) grèv Pullman nan
- (3) dife Triangle Shirtwaist la
- (4) Separasyon konpani Standard Oil la

26 Ki sous enfòmasyon ki se yon sous primè nan lagè tranche pandan Premyè Gè Mondyal la?

- (1) yon woman sou Premyè Gè Mondyal la
- (2) yon chema nan yon liv kap montre chan batay yo pandan Premyè Gè Mondyal la
- (3) yon atik nan yon ansiklopedi sou Premyè Gè Mondyal la
- (4) yon jounal yon sòlda kap batay nan fwontyè lwès la te kenbe pandan Premyè Gè Mondyal la

27 Opozisyon sena a te genyen sou apatnans Etazini nan Lig Nasyon yo te baze prensipalman sou

- (1) enkyetid ke Etazini tap oblije peye pi fò nan frè operasyon Lig la
- (2) kwayans ke desizyon Lig yo tap mete Etazini nan konfli ak peyi etranje
- (3) demann Prezidan Woodrow Wilson pou nasyon an pat fè pati nan Lig la
- (4) sipozisyon ke Lig la ta mande Etazini redwi gwosè lame li

28 Ki karakteristik Renesans Alèm nan ki pi byen reflekte imaj Roaring Twenties la?

- (1) demann pou Dwa Civil ki egal
- (2) enkyetid pou pwosperite ekonomik
- (3) ekspresyon ki itilize jaz ak dans
- (4) demann pou elimine prejije rasyal

Baze repons kesyon 29 ou yo sou tablo pi ba a e sou konesans syans sosyal ou genyen.



Sous: Daniel Fitzpatrick, *St. Louis Post-Dispatch*, 18 Desanm, 1935 (adapte)

29 Opinyon atis la se te ke Prezidan Hoover

- (1) te devlope règ ki te fini pou tout bon ak Gwo Depresyon an
- (2) te di ke se moun pòv yo ki lakòz Gwo Depresyon an
- (3) pat ka satisfè bezwen anpil Ameriken
- (4) te sipòte kreyasyon plis "Hooverville"

30 Yon rezon ke mache bousye a te kraze an Oktòb 1929 se te ke

- (1) anpil aksyon te achte sou kredi
- (2) pri anpil nan aksyon yo te twò ba
- (3) bank yo te refize prete moun kòb pou achte aksyon pandan ane 1920 yo
- (4) anpil konpayi te sispann vann moso aksyon

31 Ki ajans New Deal ki te bay asirans chomaj ak pansyon pou travayè an retrèt

- (1) Kòporasyon Asirans Rezèv Federal (FDIC)
- (2) Administrasyon Retablisman Nasyonal (NRA)
- (3) Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA)
- (4) Administrasyon Avansman Travay (WPA)

32 “Yè, 7 Desanm, 1941 – yon dat kap rete nan enfami – ...”

— Prezidan Franklin D. Roosevelt

Prezidan Roosevelt te itilize mo sa yo pou li te dekri

- (1) kòmansman Dezyèm Gè Mondyal an Ewòp
- (2) atak sipriz sou Pèl Abò
- (3) Envazyon D-Day nan Nòmandi
- (4) Bonm atomik yo te lage sou Iwochima

33 Bay yon jan ke patisipasyon Etazini nan Dezyèm Gè Mondyal la te afekte ekonomi Amerikèn nan?

- (1) Anpil izin te oblije fèmen pòt yo.
- (2) Yo te pwodwi ekipman militè olye de byen pou konsomatè.
- (3) Enpòtasyon pwodwi ki sot Ewòp te ogmante anpil
- (4) Lagè a te fè mank ki te kontribye a kòmansman Gwo Depresyon an

34 Pi fò istoryen dakò ke lemonn te vin pi pre lagè nikleyè pandan ki evènman?

- (1) Blokis Bèlen
- (2) Anvayisman Chin ak kominis
- (3) Kriz misil Kiben
- (4) Lagè Vyetnam

35 Lagè fwad te devlope apre Dezyèm Gè Mondyal la paske

- (1) dirijan Nazi yo tap rekòmanse menase
- (2) konfli ant gouvènman kominis ak gouvènman demokratik
- (3) konpetisyon nan domèn eksplorasyon lespas ant Etazini ak Inyon Sovyetik
- (4) Almay anvayi Pòlòy

Baze repons kesyon 36 ou an sou desen pi ba a ak sou konesans syans sosyal ou genyen.



Kounye a, Eske L'ap Lage?
Si ou panse l'ap lage, enben ou pa konnen li.

Sous: Walt McDougall, *New York Evening Journal*,
reyenprime nan *American Review of Reviews*
Septanm 1898 (adapte)


36 Ilistrasyon sa a te pwobableman fèt a kòz de

- (1) Gè Panyòl-Ameriken an
- (2) konstriksyon Kanal Panama a
- (3) siyati Trete Vèsay la
- (4) koumansman Dezyèm Gè Mondyal la

37 Yon rezilta kreyasyon sistèm otowout la kap dire lontan se te ke li te

- (1) kondi a pasaj lwa sou dwa veteran an
- (2) fè endistri machin diminye
- (3) amelyore relasyon ant Kanada ak Meksik
- (4) sipòte kwasans endistri Ameriken an

Baze repons kesyon 38 ak 39 ou yo sou tablo pi ba a ak sou konesans syans sosyal ou genyen.



Sous: Farran and Wattman, *New York and the Nation*, AMSCO (adapte)

38 Selon graf sou bò dwat la, Eta Nou Yòk depanse yon pi gwo pousantaj dola taks li nan ki kategori?

- (1) transpòtasyon
- (2) pwoteksyon piblik
- (3) sante ak byennèt
- (4) anviwonman ak pak

39 Selon graf yo, ki konklizyon sou gouvènman Nou Yòk ki pi kòrèk?

- (1) Pi fò nan revni gouvènman an sot nan biznis
- (2) Gouvènman an pa depanse anpil kòb
- (3) Eta Nou Yòk gen yon bidjè ki pa balanse
- (4) Eta Nou Yòk bay anpil diferan sèvis piblik

40 Nan Revolisyon Ameriken ak nan Lagè Vyetnam nan, taktik lagè geriya yo te favorize

- (1) anvayisè etranje
- (2) moun ki te konn peyi a pi byen
- (3) fòs militè ki te byen antrene
- (4) twoup ak pi bon ekipman militè

41 Ki dokiman ki te premye dokiman ki te pwopoze klèman menm dwa pou tout fanm ameriken?

- (1) Deklarasyon Endepandans
- (2) Deklarasyon Dwa Moun
- (3) Deklarasyon Seneca Falls
- (4) Pwoklamasyon Emansipasyon

42 Ki antèt ki pi byen konplete pwofil ki pi ba a?

I. _____

- A. Komès rivyè vin pi laj poutèt bato a vapè
- B. Batisman sistèm wout ak peyaj ansanm ak Wout nasyonal
- C. Kanal Erie louvri
- D. premye chemennfè transkontinatal fini

- (1) Pwogrè nan Transpòtasyon
- (2) Koòperasyon Nò-Sid
- (3) Kanalizasyon Amerik
- (4) Nouvo Envansyon

Baze repons kesyon 43 an sou mo nan chante pi ba a ak sou konesans syans sosyal ou genyen.

Kote Tout Flè Yo Ale?

Kote tout flè yo ale? Anpil tan kap pase,
Kote Tout Flè Yo Ale? Lontan lontan,
Kote Tout Flè Yo Ale? Ti fi yo rache yo tout;
O ki lè wap janm aprann? O ki lè wap janm aprann?

.

Kote tout jenn gason yo ale? Anpil tan kap pase,
Kote tout jenn gason yo ale? Lontan lontan,
Kote tout jenn gason yo ale? Yo tout ann inifòm.
O ki lè yap janm aprann? O ki lè yap janm aprann?

Kote tout sòlda yo ale? Anpil tan kap pase,
Kote tout sòlda yo ale? Lontan lontan;
Kote tout sòlda yo ale? Yo chak al nan simityè, yo chak,
O ki lè yap janm aprann? O ki lè yap janm aprann?...

— Pete Seeger/Joe Hickerson, 1956–1960

43 Pawòl nan chante sa a montre opinyon ke lagè se yon

- (1) mal nesèsè pou defann jan n ap viv
- (2) gaspiyaj lavi jenn moun ki pa fè sans
- (3) efò patriyotik pi fò Ameriken sipòte
- (4) jan pou rekonèt ewo nasyonal yo

44 Yon rezon Etazini te batay nan Lagè Gòlf Pèsik la (1991) se te pou

- (1) pwoteje pwovizyon lwil Etazini kap soti Mwayennoryan an
- (2) ogmante distribisyon manje nan Kowet
- (3) limite ekspansyon kominis nan Mwayennoryan an
- (4) onore obligasyon li anvè alyans Òganizasyon Trete Altantik Nò (OTAN) a

45 Prezidans Woodrow Wilson, Franklin D. Roosevelt, ak Harry Truman te sanble paske chak prezidan te sèvi pandan

- (1) depresyon ekonomik ki pat bon menm
- (2) patisipasyon Etazini nan gè mondyal yo
- (3) epòk lè fanm pat ka vote
- (4) proyibisyon nasyonal bwason alkolize yo


FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____

Pati II

Direksyon: Ekri repons ou pou kesyon kap siv yo nan espas yo bay nan livrè tès sa a.

Baze repons ou pou kesyon 1 jiska 3 sou kat pi ba a e sou konesans syans sosyal ou genyen.



Sous: *The American Nation*, Prentice-Hall, (adapte)

- 1 Selon teyori kat sa a baze sou li a, nan ki kontinan chasè yo te soti pou yo te emigre ann Amerik di Nò? [1]

Score

- 2 Selon kat sa a, ki karakteristik jeografik ki pwobableman pèmèt chasè yo emigre? [1]

Score

- 3 Bay **yon sèl** rezon chasè yo te emigre pi lwen nan sid olye yo te enstale yo nan pati ki pi nan nò ann Amerik di Nò a. [1]


Score

Baze repons ou pou kesyon 4 jiska 6 sou afich pi ba a ak sou konesans syans sosyal ou genyen.

Yon Demann Pou Volontè Pandan Gè Sivil la

RENSSELAER COUNTY REGIMENT
VOLONTÈ

PREFEKTI REJIMANTAL **69 FIRST STREET TROY, N.Y.**



COL. W. T. WILLARD
Prezève INYON an
Pwoteje KONSTITISYON an

Sous: Joy Hakim, *War, Terrible War*, Oxford University Press, (adapte)

4 Selon afich sa a, nan ki vil yo te mande volontè yo pran sèvis yo? [1]

Score

5 Baze sou afich sa a, bay **yon sèl** rezon yo te mande volontè yo pou yo batay nan Gè Sivil la. [1]


Score

6 Anplis objektif nan tan lagè yo bay yo, ki **lòt** objektif pou tan lagè pati Nò a te vin genyen pandan Gè Sivil la t'ap kontinye? [1]

Score

Baze repons ou pou kesyon 7 jiska 9 sou peryòd pi ba a e sou konesans syans sosyal ou genyen.

Nouvo Pwodwi pou Kay



Sous: *The United States: Its History and Neighbors*, Harcourt Brace (adapte)

7 Selon peryòd sa a, ki pwodwi ki te devlope twa zan apre envansyon alimèt sekirite a? [1]

_____ Score

8 Chwazi **yon sèl** pwodwi nan peryòd sa a e eksplike kouman li te ede lavi nan kay vin miyò. [1]

Pwodwi: _____

Kouman pwodwi a te ede lavi nan kay vin miyò: _____

_____ Score

9 Bay **yon sèl** jan sou kouman fabrikasyon nouvo pwodwi pou kay te afekte biznis Ameriken. [1]

Score

Baze repons ou pou kesyon 10 ak 11 sou lèt pi ba a e sou konesans syans sosyal ou genyen.

A: Mesye Samuel Rudderow
Pensayikin, tou pre vil Camden, Nou Jèze

Ki soti: Konte Lwisa, Teritwa Iyowa, 25 Avril, 1843

Frè ak Sè,

Sa gen lontan depi mwen ekri nou an patikilye, men nou te tande pale de mwen anpil nan lèt mwen te voye bay Rebecca Fish. Mwen an bon sante, men mwen fèk sibi yon sezon ivè ki te penib anpil. Pye mwen te jele nan 8 Desanm e mwen te soufri doulè mwen pa ka eksplike, men pye dwat mwen vin pi byen e mwen ka mete soulye men tout zòtèy mwen yo rès nan de jwen eksteryè yo, e genyen nan zo twa nan zòtèy yo ki sòti. Zòtèy nan pye gòch mwen yo tout soti e de ladan yo te vin geri e twa lòt yo nan yon bon jan pou mwen ka pa vin twò paralize nan kèk semen ankò.

Dènye fwa mwen te ekri nou mwen te rekòmande peyi sa a ba nou e mwen te siman di nou li t'ap nan avantaj nou pou nou emigre... Mwen ta dènye moun pou rekòmande yon bagay konsa bay moun pa m' si mwen pat sèten, epi mwen konnen NJ byen, mwen konprann Iyowa byen ase pou mwen pa twonpe m', yon mesye ki peye lwaye oubyen kòb enterè nan NJ ta dwe vin Iyowa, si li fè peye yon elvaj nan NJ li byen fèt... la a tè a ap pwodi omwen 3 fwa otan yon ak, menm jan a lòt bò a ak mwens travay ... lè mwen te fèk vini Bloumington te gen sèlman 7 fanmi la, kounye a gen 15 bon magazen la e tout kalite machandiz e pri a amelyore vit tankou ti vil la, men isit ak sèlman 80 dola n ap pi byen pase jan nou tap ye lòt bò a nan 200 zan, menm si nou ta ka viv pou tout tan sa. Mwen pa di nou sa pou fè sanblan men pou benefis ou menm ak fanmi ou, konsidere bagay sa epi ekri mwen e m'ap di nou pi plis toujou.

Pou ou ak respè,
Jeremiah Fish

Sous: Joy Hakim, *Liberty for All?*, Oxford University Press

10 Nan ki teritwa Etazini Jeremiah Fish te rete lè li te ekri lèt sa a? [1]

Score

11 Bay **de** rezon Jeremiah Fish te ankouraje frè li ak sè li pou yo te vin jwenn li nan Lwès la. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

FOR TEACHER USE ONLY

Part II Score _____

